

## **BAB 3**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Méthode Panalungtikan**

Pikeun ngahontal tujuan dina ieu panalungtikan, digunakeun hiji métode nyaéta métode kualitatif. Nurutkeun Creswell (dina Raco, 2010, kc. 7) métode kualitatif nyaéta hiji pamarekan pikeun ngaéksplorasi jeung maham hiji gejala séntral. Pikeun mikaharti kana éta gejala séntral, panalungtik ngawawancara peserta panalungtikan atawa partisipan ku cara ngajukeun patalékan anu umum jeung jembar. Ieu panalungtikan ogé ngagunakeun métode déskriptif. Sugiyono (2021, kc. 8) nétélakeun ciri-ciri métode panalungtikan kualitatif nyaéta dilakukeun sacara intensif, panalungtik milu partisipasi di lapangan, nyutat naon waé nu kapanggih, ngalakukeun analisis réfléktif kana rupaning dokumén nu kapanggih di lapangan, sarta nyieun laporan panalungtikan sacara detail.

Lian ti éta, dina ieu panalungtikan ogé digunakeun métode déskriptif analitis. Tanjung & Nababan (2016, kc. 39) nétélakeun yén métode déskriptif nyaéta hiji métode panalungtikan anu ditujukeun pikeun nyieun gambaran atawa lukisan sacara sistematis, aktual, jeung akurat ngaliwatan data sampel atawa populasi nu aya. Nurutkeun Sugiyono (2021, kc. 21) métode déskriptif analitis nyaéta métode anu miboga fungsi pikeun ngadéskripsikeun atawa méré gambaran kana hiji objék nu ditalungtik ngaliwatan data atawa sampel nu kakumpul sakumaha ayana tanpa nyieun kacindekan nu lumaku pikeun umum atawa generalisasi. Éta métode téh digunakeun pikeun maluruh tur nganalisis dongéng nu aya di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat anu satuluyna dijadikeun bahan pangajaran maca dongéng di SMP.


#### **3.2 Désain Panalungtikan**

Dumasar kana métode anu digunakeun, aya tilu hal poko anu jadi ulikan dina ieu panalungtikan, nyaéta, 1) dongéng naon waé anu aya di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat; 2) unsur struktural dina dongéng anu aya di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat; 3) ajén atikan karakter

dina dongéng anu aya di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat; 4) nyusun bahan pangajaran maca dongéng tina hasil panalungtikan di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat. Sangkan leuwih jéntré, desain panalungtikan ditataan saperti di handap.

### Bagan 3.1

#### Desain Panalungtikan



### 3.3 Sumber Data

#### 3.3.1 Informan

Nurutkeun Danandjaja (2007, kc. 194) dina néangan informan pikeun dijadikeun sumber data dina hiji panalungtikan téh nya éta jalma anu di

wewengkonna mémang katelah salaku palaku aktif tina hiji wangun folklor sarta ahli dina éta folklor.

Informan dina ieu panalungtikan nya éta masarakat Kacamatan Ngamprah jeung sabudeureunana anu apal kana dongéng-dongéng nu aya di Kacamatan Ngamprah. Aya sababaraha informan anu diwawancara pikeun meunangkeun data, nya éta, (1) Bapa Sony, (2) Bapa Ramsan, (3) Bapa Engkus, (4) Bapa Entur, jeung (5) Bapa Aa Sasmita.

**Tabél 3.1**  
**Daptar Biodata Informan**


Idéntitas Informan	
a. Wasta: Engkus Kusnandar b. Umur: 53 taun c. Tempat, ping gumelar: Bandung, 25-03-1969 d. Wanda baga: Lalaki e. Pakasaban: Buruh f. Atikan: SD g. Padumukan: Kp. Cidahu 001/001 Desa Tanimulya, Kec. Ngamprah	
Idéntitas Informan	
a. Wasta: Ramsan b. Umur: 71 taun c. Tempat, ping gumelar: Bandung, 13-11-1951 d. Wanda baga: Lalaki e. Pakasaban: Buruh f. Atikan: SD g. Padumukan: Kp. Randukurung 004/010 Desa Cilame, Kec. Ngamprah	
Idéntitas Informan	

<p>a. Wasta: Sony Hary Heryanto</p> <p>b. Umur: 38 taun</p> <p>c. Tempat, ping gumelar: Bandung, 07-10-1984</p> <p>d. Wanda baga: Lalaki</p> <p>e. Pakasaban: Karyawan Swasta</p> <p>f. Atikan: SMA</p> <p>Padumukan: Kp. Cipeundeuy 001/007 Desa Pasirlangu, Kec. Cisarua</p>	
Idéntitas Informan	
<p>a. Wasta: Entur Turahya</p> <p>b. Umur: 68 taun</p> <p>c. Tempat, ping gumelar: Bandung, 27-08-1954</p> <p>d. Wanda baga: Lalaki</p> <p>e. Pakasaban: Pensiunan</p> <p>f. Atikan: SMA</p> <p>g. Padumukan: Kp. Pakuhaji 002/007 Desa Pakuhaji, Kec. Ngamprah</p>	
Idéntitas Informan	
<p>a. Wasta: Aa Sasmita</p> <p>b. Umur: 66 taun</p> <p>c. Tempat, ping gumelar: Bandung, 02 Méi 1956</p> <p>d. Wanda baga: Lalaki</p> <p>e. Pakasaban: Wiraswasta</p> <p>f. Atikan: SD</p> <p>g. Padumukan: Kp. Kebon Kalapa Desa Tanimulya, Kec. Ngamprah</p>	

### 3.3.2 Lokasi Panalungtikan

Sacara administratif lokasi anu dijadikeun tempat panalungtikan téh nyaéta Kacamatan Ngamprah Kabupaten Bandung Barat. Kacamatan Ngamprah mangrupa salah sahiji kacamatan di Kabupatén Bandung Barat, anu lega wilayahna 96,34 km<sup>2</sup>.

Jumlah désa di Kacamatan Ngamprah téh aya 11 désa, diantaranya: 1) Bojongkonéng, 2) Cilamé, 3) Cimanggu, 4) Cimarémé, 5) Gadobangkong, 6) Margajaya, 7) Mekarsari, 8) Ngamprah, 9) Pakuhaji, 10) Sukatani, jeung 11) Tanimulya. Anapon désa anu dijadikeun lokasi panalungtikan aya opat désa, nya éta 1) Cilamé, 2) Ngamprah, 3) Pakuhaji, jeung 4) Tanimulya.



(<https://disdukcapil.bandungbaratkab.go.id>)

Gambar 3.1 Peta Kacamatan Ngamprah

### 3.4 Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku dua téhnik nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

#### 3.4.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Nilik kana métode anu digunakeun sarta saperti nu tos ditataan di luhur sangkan kahontalna tujuan panalungtikan dina ngumpulkeun dongéng-dongéng di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat, téhnik anu

digunakeun pikeun ngumpulkeun data-data dina ieu panalungtikan téh nyaéta,

a. Observasi

Observasi digunakeun pikeun ngumpulkeun atawa néangan ku cara langsung ka lapangan ngeunaan dongéng-dongéng anu aya di Kacamatan Ngamprah, Kabupatén Bandung Barat.

b. Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi nyaéta maluruh data ngeunaan hal-hal atawa variabel anu mangrupa catetan, buku, makalah atawa artikel, jurnal jeung warta (Arikunto, 2013). Téhnik ieu digunakeun pikeun maluruh data-data anu kapanggih ngeunaan dongéng-dongéng anu aya di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat.

c. Wawancara

Interviu atawa wawancara mangrupa dialog anu dilakukeun ku hiji jalma (*interviewer*) pikeun nyangking informasi ti narasumber (Arikunto, 2013, kc. 198). Téhnik wawancara digunakeun pikeun ngumpulkeun dongéng-dongéng ti masarakat di wewengkon Kacamatan Ngamprah, Kabupatén Bandung Barat.

### 3.4.2 Téhnik Ngolah Data

Léngkah-léngkah dina ngolah data ditataan saperti ieu di handap.

- a. Ngumpulkeun data anu mangrupa dongéng jeung informasi ku cara studi pustaka, observasi tempat, sarta ngawawancara narasumber ngeunaan dongéng;
- b. Ngadéskripsikeun dongéng dina wangun prosa;
- c. Nganalisis struktural dongéng-dongéng anu geus kakumpulkeun;
- d. Nganalisis ajén atikan karakter dina dongéng anu geus kakumpulkeun;
- e. Milih dongéng anu luyu pikeun dijadikeun bahan ajar maca dongéng di SMP;
- f. Nyieun kacindekan.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat-alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina hiji kagiatan panalungtikan. Nurutkeun Sugiyono (2021, kc. 101) dina panalungtikan kualitatif, anu jadi instrumén atawa alat

panalungtikan téh nyaéta panalungtikna sorangan. Panalungtik minangka *human instrument* miboga fungsi pikeun nangtukeun fokus panalungtikan, milih informan/réspodén pikeun sumber data, ngumpulkeun data, ngajén kualitas data, nganalisis data, nyieun tafsiran, sarta nyieun kacindekan tina data nu kapanggih.

Danandjaja (2007, kc. 199) nétélakeun ngeunaan instrumén panalungtikan yén manusa téh aya watesanana, ku kituna dina ngalakukeun kagiatan wawancara perlu ayana alat bantu kayaning kaméra, *video tape*, jeung *binocular*. Digunakeunana ieu alat bantu téh kawilang penting lain ngan saukur dijadikeun bahan palengkep, tapi sangkan hasilna ogé bisa digunakeun deui di lain waktu.

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta:

- a. Alat rékam pikeun ngarékam réspodén nalika diwawancara.
- b. Kaméra/*handphone* pikeun ngadokuméntasikeun réspodén.
- c. Format wawancara anu ngawengku patalékan anu baris ditanyakeun ka informan nalika wawancara.

Format wawancara ngawengku patalékan anu ditanyakeun ka informan baris ditataan dina tabél ieu di handap.

**Tabel 3.2**

**Format Wawancara**

INVÉNTARISASI DONGÉNG DI KACAMATAN NGAMPRAH KABUPATEN BANDUNG BARAT	
A. DONGÉNG	
1.	Judul dongéng:
2.	Data informan:
a.	Wasta:
b.	Umur:
c.	Tempat, ping gumelar:
d.	Wanda baga:
e.	Pakasaban:
f.	Atikan:

g. Padumukan:

3. Ti mana sumber éta dongéng?
4. Saha anu mimiti nyaritakeun éta dongéng?
5. Iraha mimiti mikanyaho kana éta dongéng?
6. Naon tujuan éta dongéng dicaritakeun?
7. Naha masarakat masih aya nu mikanyaho kana éta dongéng?
8. Dina acara naon éta dongéng dipidangkeun?
9. Fungsi dongéng dipidangkeun: (dianggap kramat, sakral/ritual, hiburan)
10. Naha éta dongéng bisa dijadikeun bahan ajar di sakola?
11. Jenis dongéng:
12. Pedaran dongéng:

#### B. TITIMANGSA JEUNG TEMPAT NGAINVÉNTARISASI

1. Titimangsa:
2. Tempat:
3. Waktu:

#### C. NU NGAINVÉNTARISASI

1. Wasta:
2. Umur:

### 3.6 Léngkah-Léngkah Panalungtikan

Léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan dibagi jadi sababaraha tahap, anu ngawengku tahap tatahar, tahap ngumpulkeun data, tahap ngolah data, sarta tahap nyusun skripsi.

#### 1) Tatahar

Léngkah-léngkah anu dilakukeun dina ieu tahapan nyaéta:

- a. Ngajukeun judul panalungtikan
- b. Nangtukeun masalah
- c. Ngumpulkeun sumber data

#### 2) Ngumpulkeun data

Léngkah-léngkah anu dilakukeun dina tahap ngumpulkeun data ngawengku tilu téhnik, nya éta:

- a. Obsérvasi



- b. Wawancara
- c. Dokumentasi

3) Ngolah data

Dina ieu tahapan, léngkah-léngkahna nyaéta ngadéskripsikeun dongéng dina wangun prosa, nganalisis unsur struktural jeung ajén atikan karakter dongéng, sarta milih dongéng anu luyu pikeun dijadikeun alternatif bahan pangajaran dongéng.

4) Nyusun Skripsi

Tahap pamungkas tina ieu panalungtikan nyaéta nyusun laporan dina wangun skripsi. Data nu geus diolah sarta dianalisis baris disusun sacara sistematis dumasar bab jeung subbab anu saluyu.

